

ESPAS KOTE POU TRAVAYÈ YO FÈ BEZWEN YO

Espas travay la dwe pwòp, li dwe gen lòd epi li dwe gen ase kote pou travayè yo fè bezwen yo. Patwon yo dwe mete sèvis sa yo pou travayè yo itilize gratis. (Atik 467 a 476).

LOJMAN TRAVAYÈ YO

Si patwon an ta mete kay pou travayè yo dòmi lannwit, yo dwe gen tout enfrastrikti ak kondisyon liyèn ki nesèsè. Lalwa peyi a di pi bon fason pou sa fèt nan Atik 467 Kòd Travay la.

PREPARASYON POU IJANS

Patwon an dwe fòme travayè yo pou yo konn sa pou yo fè lè gen yon sityasyon ijans (dife, tranbleman tè, chòk elektrik).

KÈK ATIK NAN KÒD TRAVAY LA KI TRETE KESYON BON JAN SISTÈM SEKIRITE AK SANTE NAN TRAVAY

- **Atik 439-9 Kòd Travay** la pale sou kèk bagay nan espas travay la (pwodwi chimik ak kèk lòt bagay ki ka prezante danje);
- **Atik 448** ki gen rapò ak pwoteksyon travayè yo ak anviwonman travay la;
- **Atik 477 pou rive nan atik 480 Kòd Travay** la pale sou Sèvis sante ;
- **Atik 469 pou rive nan atik 476 Kòd Travay** la trete sa ki gen rapò ak espas kote pou travayè yo fè bezwen yo ;
- **Atik 467 kòd travay** la bay tout fason pou kay travayè yo ye.

POU NOU FINI

Nan sa ki gen pou wè ak kesyon travay, patwon ak travayè yo dwe konnen dwa yo ak devwa yo nan zafè sekirite ak sante, paske lalwa peyi a ak konvansyon entènasyonal yo esplike klè kòman sa dwe fèt nan espas travay la.

**SANTE M KONTE, PWOTEJE M,
POUMKA TRAVAY PI BYEN
EBAY PI BON RANNMAN!**



PHOTO : ©MARCEL CROZET

**PROTEJE M, EKIPE M
POU M KA TRAVAY**



Ce matériel ne reflète pas nécessairement les vues ou les politiques du ministère du Travail des États-Unis, et la mention des noms commerciaux, des produits commerciaux ou des organisations n'implique pas l'approbation du gouvernement des États-Unis. 100% des coûts totaux du projet ou du programme sont financés par des fonds fédéraux, pour un total de 1,2 million de dollars.

KISA SANTE AK SEKIRITE NAN TRAVAY YE ?

Sante ak sekirite nan espas travay se byennèt fizik, mantal ak sosyal tout moun. Yon bon sistèm sante ak sekirite chita sou twa wòch dife:

- pwomosyon;
- prevansyon ;
- pwoteksyon.

Patwon ak travayè gen dwa ak responsablite nan sa ki gen pou wè ak sekirite epi sante nan travay.

Prevansyon se yon mwayen k ap pèmèt elimine majorite aksidan ak maladi ki rive nan travay.

Nou dwe konnen tout sa pou nou fè pou n anpeche aksidan nan travay.

FASON POU JERE SISTÈM SEKIRITE AK SANTE NAN TRAVAY

Patwon yo dwe asire yo espas travay la pa yon danje pou sante travayè yo. Patwon nan tèt kole ak travayè dwe identifye epi pran tout desizyon ki nesèsè pou elimine oubyen kontwòle tout sa ki reprezante yon danje nan espas travay la. Konsa travayè ka diskite sou desizyon ki konsène sekirite ak sante yo. Fòk yo anrejistre tout aksidan ak maladi ki rive nan travay la epi bay bon jan rapò jan lwa peyi a mande sa (**Atik 29 rive 34**).

PWODWICHIMIKAKTOUTLÒTBAGAYKIREPREZANTE YON MALÈ PANDYE

Patwon yo dwe veye epi pran tout dispozisyon pou pwoteje travayè ki eskpoze ak pwodwi chimik yo. Yo dwe fè tout sa ki posib pou pèmèt travayè yo mwens eskpoze ak danje, tankou enstale kèk aparèy ki ka konbat efè pwodwi chimik yo, bay bon jan ekipman pwoteksyon pèsone pandan y ap idantifye yo yon fason ki pi fasil pou travayè yo ka konprann (**Atik 439-9**)

PWOTEKSYON TRAVAYÈ YO AK ANVIWONMAN TRAVAY LA

Patwon yo dwe òganize yo yon fason pou evite aksidan nan espas travay la. Sa vle di mete bon jan ekipman pwoteksyon kont tout danje . Pa egzanp, materyèl ak zouti ki adapte k ap pèmèt yo fè mwens jefò. Travayè yo dwe fòme pou yo konn kijan pou yo sèvi ak ekipman yo (**Atik 448**).

Yon lòt bò, patwon yo gen pou devwa veye si travayè yo swiv tout prensip sekirite sa yo. Se dwa travayè yo pou prese kite epi fè konnen tout sa ki parèt yon malè pandye sou lavi ak sante yo nan espas travay la. (**Atik 41-e**). Anviwonman travay la dwe reponn ak sa lalwa di (**Atik 31-b**)

SÈVIS SANTE

Espas travay la dwe genyen sèvis premye swen ki efikas e disponib pou fè kontwòl medikal gratis pou tout travayè depi premye jou travay epi aprè chak peryòd (**Atik 477 a 480**). Patwon yo dwe deplase oubyen elimine tout danje ki pandye sou tèt travayè ki ansent osnon k ap bay tete.